Нобэ Къурмэн хьид махуэ лъапІэщ!

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№86 (24.212) ● 2021 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къурмэн махуэшхуэм урихьэлІэу цІыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис мусЛымэнхэм си гум къыбгъэдэкІыу сохъуэхъу Къурмэн хьид махуэ лъапІэмкІэ.

МусЛымэн мелуанхэм илъэс къэс ягъэлъапІэ цІыхур псэ къабзагъэм, гущІэгъуэ хуэзыущийр, фІым и къаруг гъащІэм зэрыщытепщэм и дамыгъэу щыт а махуэр.

А махуэшхуэм и лъабжьэщ псэкупсэ къупеИгъэхэр - гумащІагъэр, захуагъэр, хьалщэн зэгетыр, мамырыгъэм и телъхьэу щытынкІи, ахэрщ зыгъэбыдэр лъэпкъэм пщІэ зэхуащІынкІи, зэныбжьэгъуГэр, зэкъуэтынигъэмрэ фІым телэжьэнымрэ.

Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусЛымэнхэр, ислъамым и хабзэфІхэм тету, я гурылъхэмрэ я ІуэхущІафэхэмрэ фІым хуауэзщІуэрэ республикэм и жылагъуэ Іуэхуэхэм дяпэкІи жьыджэру зэрыхэтынум, дин зэмыщхь зезыхьэ лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр, зэгурыІуэныгъэр, мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытагъымрэ гъэбыдэным адэкІи зэрытелажьэнум.

Республикэм щыпсэу псоми сохъуэхъу узынШэу, зэлуэзэпщу, насыпыфІэу, къраХьэжьэ Іуэхуфіхэм щехьулІэу псэуну!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Ди къурмэныр къабыл ухъу!

Бисмиллахьи рэхьмани рэхьим! ФІыщІэр дуней псоми я тепщэ Алыхьым ейщ! ХЬуэхъумрэ мамырыгъэмрэ ялъыус МухьэммэдБегъымбару Алыхьым и хьуэхъумрэ и сэламымрэ зыпеІуам, абы и Іыхьлыхэм, и щэхьабэхэм, и гур къабзэу абы иужь иува псоми КІьемэт махуэр къэсыхУ!

Ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ! Алыхь Лъащым щыІам тет псори езым и Іущы-гъэм хуэфащэ мурад хэхам къыхуигъэщІри, дунеягъэм къызэщІиубыдэу хъуар цІыхум и унафэм щІигъэващ. НэрылъагъУ дыдэщ дунеягъэм и дэтхэнэ Іыхьэри цІыхум и зыужьыныгъэмрэ ар зыгъэтыншынымрэ хуэгъэпсауэ зэрыщытыр. Абы къыхэкІыу, щІэныгъэншагъэщ цІыху цІыкІур мурад хэхам хуэмыгъэпсауэ дунейм къытехьауэ, ар ауэ сытми и зэш теун папщІэ къигъэщІауэ уи гугъэныр.

Ауэ щыхъуКІэ, цІыху мащІэ дыдэщ щІым къызэрытагъэхьамкІэ къыхуамурадыр, Тхьэуэ ЛъагэмрэзыдэпсэуцІыхуэ-бэмрэ я пащхьэм щихь къэнэжьэ зыхуэдэр къызыгурыІуэр.

Алыхьталэм КъурІэн лъапІэм цІыхум хьыбар къыщІригъэщІащ абы и гъащІэм и мыхьэнэр Алыхьым къызэригъэщІар и фІэщ хъуныр, абы и пщэ къыдилъхьа къаленхэр игъэззэщІэныр зэрыарар. ДэтхэнэцІыхурхущІэкъупхъэщ щэныфІагъым и лъагапІэм лъэІэсын папщІэ и хьэлым зригъэжьыну, Алыхьталэм фІэкІмыхъуну къыхуигъэувА гъунапкъэхэм зэремыбэхъуным хущІэкъуну, и дуней гъащІэр зэрыщцІту Ар арэзы къыхуэхъуным хуиубзыхуну. ГъащІэм дызэригъэунэху гъуэгуанэ кІыхьыр зэпытча нэужьщ къыщыдгурыІуэр а къаленыр гъэззщІа зэрыхъуар.

Алыхьым унафэ къытхуещІ ди фІэщхъуныгъэр фэрыщІыгъэншэу гурэ псэкІэ зетхьэну. Абы улъэІэсын папщІэ, уи гумрэ уи акъылымрэ щІыхьэт къыбдэмыхьуу, псалъэ къудейкІэ «Алыхьыр си фІэщ мэхъу» жьипІэкІэ зэфІэкІыркъым. Упсэхуу уи псалъэри уи ІуэхущІафэри диным уэзрыщІифІэщым, Алыхьталэм къыпхуигъэува къаленхэм уаззрыхуэпэжьым щыхьэт техьэуу щытын хуейщ, гъэзгу захуэм уэзрытемыгъэущыкІыным, абы утришын папщІэ мыхъумыщІагъэ куэдым укъыхуэзыгъэбырсей шейтІаным къИуІэщащхэм зэрызыдумыгъэхъэхыным ухуэсакъыу.

Апхуэдэ щІыкІэу фІэщхъуныгъэ зыбгъэдэлъым и гъащІэм наІуэ къещІ ар икІагъэм дихьэхахэм, цІыхум бзаджагъ кІэлъыдзехьэнымрэ абы гужьгъэжькІэ бгъэдэтынымрэ нэрыгъ зыщІахэм зэращымыщыр.

ДинкІэ си къуэшхэ, си шыпхъухэ! Махуэ лъапІэм ипэ къихуэу фыкъыхуэзоджэ, си щхьэри къыхуэзоджэж ещ фимыІэу фи фІэщхъуныгъэр евгъэфІэкІуэну, диным къыхфхуигъэува пщэрылъхэм фатемыплъэкъуКІыну, гукъэкІыфІхэмрэ захуагъэмрэ жэуапльнигъэ хэлъу фыбгъэдыхьэну: а зырщ дунеягъэкІи ахърэткІи ехьуІэныгъэм ухуэзышэнур.

КъБР-м ис псоми Къурмэн махуэ лъапІэмкІэ (Хьидул Іэдхьа) гурэ псэкІэ сохъуэхъу! Дэтхэнэ зы унагъуэми ди республикэми Алыхьталэр мамырыгъэкІэ къыхуэупсэ, я фІэщхъуныгъэр быдэу, мурадыфІкІэ къаІэт дэтхэнэ Іуэхуми ерыщу, къикІуэт ямыщІэу хущІэкъуфын хуэдэу. Алыхь ЛъапІэм солъэІу ди къурмэнхэр къабылу тІихыну, ди унэхэри ди унагъуэхэри ерыскъыпэ берычэтрэ цимыгъэщІэну. Псоми узынШагъэ быдэ, насыпI, бэлыТІэІуншагъэ, фІэщхъуныгъэ быдэ Алыхьым къыдит! Фэри фи Іыхьлыхэми Алыхьым мамырыгъэр Іэпэгъу фхуищІ!

КъБР-м и Муслымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм и унафэщІ, муфтий
ДЗАСЭЖЬ Хьэзрэталий.

Нарткъалэ курыт еджапІэщІэ щаухуэн папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 424-рэ къыхуаутІыпщ

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил Іэ щІидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 424,6-м щІигъу къыззэрыхуаутІыпщынур къыщыгъэлъэгъуа унафэм. А ахъшэр тграгъэкІуэдэнущ еджакІуэ 500-м ятещІыхьауэ Нарткъалэ щаухуэну школыщІэм. Унафэм зэрыщыубзыхуамкІэ, субсидиехэр нэгъуэщІ щІыналъэ 28-ми яІэрыхьэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхигъэбелджылыкІащ щІыналъэхэм егъэджэнигъэ Іэнатіэм гулъытэ хэха мы зэманым зэрыщагъэтыр - ар къыхэщащэ щытащ Урысейм и Президент Путин Владимир мы гъэм и мэлыжьыхьым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам. «Урысейм и Президентым и унафэр хуэгъэпсащ курыт еджапІэхэм щІэныгъэ щызэрагъэгъэтыну нЫбжьыщІэ нэхьыбэм Іэмал яІэным, зы кІуэгъуэу еджэхэм я бжьыгъэм хэгъэхъуэным. ТыншыпІэ псори зыхэт, и теплъэкІи дахэ, сыткІи зыхуэй хуэза иджырей школыр дэтхэнэ еджакІуэм дежкІи хуэн хуейщ ЛъагапІэщІэхэм нэсынмкІэ ІэмалыщІэхэр кьезыт щІыпІэ», - къыхигъэщхьэхухІащ КІуэкІуэм.

Нарткъалэ еджапІэщІэ щыхуэным мы гъэм щІадзэну я мурадщ, проектыр зэхалъхьажІщ икІи школыр щащІыну щІыпІэри ярызыхуащ. Проектыр ягъэззэщІэнущ УФ-м «ЕгъэджэнигъэІэнатІэм зегъэужьын» и къэрал программэу 2021 - 2023 гъэхэм ятещІыхьам хьихьэу.

2021 гъэм къыщыщІэдзауэ 2023 гъэ пщІондэ курыт еджапІэщІэу 6-м лэжьэн щыщІадзэнущ республикэм. ДызэрыІ илъэсым яухунущ курыт еджапІиц - нЫбжьыщІэ 500 щІэхуэу Шэджэм къалэм, цІыху 250-м ятещІыхьауэ Солдатскэ станицэм, цІыху 440-м ятещІыхьауэ Ново-Ивановскэм щащІхэр. 2022 гъэм ухуну я мурадщ еджакІуэ 785-рэ щІэхуэну Прохладнэ къалэм, цІыкІу 500-м ятещІыхьауэ Куба къуажэм дащІыхьну еджапІэхэр. Абыхэм я ухуэныгъэр зэман гъунэгъум кърагъэжьэнущ.

Республикэм и щІыхьэрми школыщІэхэр щыхуэн лэжьыгъэм адэкІи пащэнущ. Фигу кІэщІыжьынщи, 2019 гъэм Налшык щатащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ ин дыдэ 33-нэ курыт еджапІэщІэр - сабий 1224-рэ щІэхуэу. Иджыпсту яужь итщ иджыри еджапІиц къалащхьэм щыухуэным ехьэлІа Іуэхуэхэм. Абыхэм ящыщ щым ныбжьыщІэ 1500-рэ щІэхуэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди къуэш республикэхэм

Къумпілылым вакцинэр зыхрегъалъхьэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Іэтащхьэ Къумпілы Мурат коронавирусым зэрызыщахъумэ вакцинэр зыхригъэлъхьащ. Абы жиІащ ар уз зэрыщІалэм зэрыпэщІэт Іэмал нэхъыщхьэу икІи шынагъуэншэу къызэрилъытэр, зэрыщІэныкъуэрыІэныкъэ зэрыхэкІыпІэфІыр.**

КЪУМПІЫПІЫМ 2020 гъэм и бжьыхьэм къеуэлІащ уз зэрыщІалэр, антителахэри иІэ хъуат. Ауэ ахэр нэхъ мащІэ зэрыхъужам, дохутырхэм я чэнджэщым тещІыхьауэ, езыми, и адэ-анэми, и Іыхьлыхэми зыхрагъэІуащ. Апхуэдэуи республикэм и цІыхухэр къыхуриджащ Іуэхум акъыл хэлъу бгъэдыхьэну, узыншагъэр хъумэныр псом япэ ирагъэщІыну.

Нобэкіэ Адыгейм ис цІыху мин 70-м ныблагъэм вакцинэр зыхрагъэІуащ.

Балли 100 зиІэхэм яІуощІэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Темрезов Рашид яІущІащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмкІэ балли 100 къэзыхьа ныбжьыщІэхэм.**

ПРЕДМЕТ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ балл нэхъыбэ дыдэ къэзыхьахэр цІыху 12 мэхъу. Темрезовым къыхигъэщащ сабий губзыгъэхэм, зэчиифІэхэм уадэуэршэрыну зэрыгужьхъуэр, нобэ зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэ иныр фІыгъуэ куэдым я къежьапІэу зэрыщытыр.

Гъэ еджэгъуэ блэкІар школакІуэхэм я дежкІэ гугъуу щытамэ, нэхъыбэр унэм щІэсу еджами, зэрыгушхуэн гуп абыхэм зэрахэтыр, нЫбжьыщІэхэр дэнэ кІуэуэ щеджэнуми зэрыхуитыр, щІэныгъэрэ Іэщ-щІагъэрэ зэрагъэгъуэта нэужь, республикэр абыхэм зэрапэпльэр, къагъэззэжмэ, зэрыщыгугъыкІыныр нЫбжьыщІэхэм яжриІащ Іэтащхьэм.

КъэралитІыр зэдолажьэ

АБХЪАЗ. **Республикэм хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Кове Даур лэжьыгъэ Іуэхукіэ Никарагуа къэралыгъуэм кІуащ.**

АР мы махуэхэм а къэралым и Іэтащхьэм Іущіэнущ икІи щІыналъитІыр дяпэкІэ зэрызэдэлэжьэну жьыпхъэхэр яубзыхунущ. КъищынэмыщІауэ, министрыр хэтынущ Сандинист революцэр зэриухрэ илъэс 42-рэ зэрыхъум теуха гуфІэгъуэ зэІущІэхэм.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, Никарагуам Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр кьиулыатащ 2008 гъэм фокІадэм и 3-м. 2009 гъэм къэралыгъуитІыр зэгурыІуащ дипломат зэхущытыкІэхэр я зэхуаку дэлъыну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КІуэкІуэ Казбек цІыхухэм яІущІащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек бадзэуэгъуэм и 17-м яхуэзащ я щхьэ Іуэхукіэ къыхэкІуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщым а махуэм Іущіэну хуейуэ нэхъ пасэу зрагъэтхат Налшык къалэм, Бахьсэн, Іуащхьэмахуэ, Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэхэм щыщхэм. ХуэмыщІауэ псэу бынунагъэушхуэхэм щыщхэр, апхуэдэуи щытыкІэ гугъу къихутахэр къызытекІухьар я псэуПІэхэр ирагъэфІэкІуэныр, технологие лъагэр зи лъабжьэ дэІэпыкъуныгъэ яГуэтын папщІэ зыщІагъэкъуэныр.

КІуэкІуэ Казбек къыхуэкІуэхэм жалахэм едэІуащ, зыкъыхэзрыхуагъэзахэм хэпльэрэ, республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и зыхуэфащэ органхэм пщэрилъэхэр яхуищІащ Іэмал зэрыІэкІэ абыхэм зыщІагъэкъуэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьэм папщІэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - шыщхьэуІум (августым) къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдэ хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 582-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 20, *гъубж*

♦Къурмэн хьид махуэшхуэщ

♦Шахматхэм я дунейпсо махуэщ. 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, 1924 гъэм а махуэ дыдэм Париж Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ) къызэрыщызэрагъэпэщам тращІыхьауэ.

♦Тортым и дунейпсо махуэщ

♦Къыргъызстаным и Лъэпкъ гвардием и махуэщ

♦Японием щагъэлъапІэ тенджызым и махуэр

♦Колумбием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1810 гъэм Богота къалэм щІыхуэзэ къыщыдзэрыІэтащ, Испанием къыгуэкІыу ягъэкІ къралым щхьэхуит хъуныр къагъэуву.

♦1534 гъэм Кембридж къалэм (Инджылыз) дунейм щыпсу къыщызэІуахащ тхыльэ къыщыдагъэкІ Іуэхущ1апІэ.

♦1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цІэри фІащащ.

♦1917 гъэм ятхащ BMW автомобиль маркэр.

♦1941 гъэм СССР-м Краснэ шынагъуэншагъэмкІэ и цІыхубэ комиссариатымрэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ цІыхубэ комиссариатымрэ (НКГБ-мрэ НКВД-мрэ) зэгуагъэхьэжри, Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ наркомат къызэрагъэпэщащ.

♦1944 гъэм Гитлер Адольф яукІыну хэтащ. Германием и нацист правительствэр традзыну, къэралым зэхьэдэІныгъэхэр щрагъэжьІуэкІыну зэгурыІуат вермахтым и генерал гуп, ауэ ар къайхьулІакъым икІи Гитлер щэхуу ебэн генералхэри абыхэм къакъуэта куэди яуклуэ щытащ.

♦1960 гъэм дунейпсо тхыдэм щыяпэу правительствэм и унафэщІу цІыхубэ хахащ. Ар Шри-Ланкам щыщ Бандаранаике Сиримаавэт.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я советымрэ унафэ къащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольятти къалэм щыуэхуэным теухуауэ.

♦1969 гъэм США-м и «Аполлон-11» кхъухьыр япэ дыдэ Маззм тетІысхьащ. Абы исащ астронавтэу Армстронг Нил, Коллинз Майкл, Олдрин Эдвин сымэ. ЩІым и спутникым япэу теуваеу дунейпсо тхыдэм хыхьар Армстронг Нилрэ Олдрин Эдвинрэщ.

♦1990 гъэм Осетие Ищхьэрэ автоном республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ я къэрал суверенитетым теуХуа унафэ икІи я къалащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэреджэу щыта Владикавказ цІэр иритыжащ.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, «Семнадцать мгновений весны» фильм цІэрыІуэри нэгъуэщІ кУэди тезыха **Лиозновэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, уэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Анофриев Олег** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэрал, парт лэжьакІуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, егъэджакІуэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат **Хъурей Феликс** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **АфІэунэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, АР-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и цІыхубэ тхакІуэ **Къуий-къуэ Налбий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къэхъулъатэхэуэ-къэхутакІуэ, полковник, профессор **Попович Маринэ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Чурсина Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ЭкономикэщІэныгъэхэм я кандидат, Кубанми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ШДДА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академием хэт **ТІрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Олимп джэгуэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа, дунеймрэ Европэмрэ я чемпион **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 34 - 36-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 21, *бзэржьей*

♦Тыркумэным и медицинэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Бельгием и лъэпкъ гуфІэгъуэшхуэщ - 1831 гъэм къэралым и щхьэщхьэм къищтащ я къэрал суверенитетым теуХуа унафэ икІи я къалащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэреджэу щыта Владикавказ цІэр иритыжащ.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, «Семнадцать мгновений весны» фильм цІэрыІуэри нэгъуэщІ кУэди тезыха **Лиозновэ Татьянэ** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, уэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Анофриев Олег** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэрал, парт лэжьакІуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, егъэджакІуэ, философие щІэныгъэхэм я доктор, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат **Хъурей Феликс** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Сабий усакІуэ **АфІэунэ Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, драматург, АР-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и цІыхубэ тхакІуэ **Къуий-къуэ Налбий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къэхъулъатэхэуэ-къэхутакІуэ, полковник, профессор **Попович Маринэ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Чурсина Людмилэ** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ЭкономикэщІэныгъэхэм я кандидат, Кубанми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ШДДА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академием хэт **ТІрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Олимп джэгуэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа, дунеймрэ Европэмрэ я чемпион **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, Нобель саугъэтым и лауреат **Хемингуэй Эрнест** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Совет сурэтыщІ, СССР-м и цІыхубэ художник **Серов Владимир** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион **Стрельцов Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Кужьы уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Бреггвадзе Нани** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, драматург, актёр **Задорнов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ цІэрыІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гришаевэ Нонн** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 34 - 35-рэ, жэщым градус 22 - 23-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псалъэм уемыплъ, къипсэлъым еплъ.

Нэхущ Чэримрэ «Кабардинка» ансамблымрэ Витебск зыкъыщагъэлъагъуэ

● Гъуазджэ

Мы махуэхэм Белоруссием и Витебск къалэм щекІуэкІащ гъуазджэхэмкІэ «Славянский базар» XXX дунейпсо фестивалыр. ЗэхьхьэрэкъыщыззІуэхым гукъинэжу зыкъагъэлъэгъуащ Кавказ Ищхьэрэм и республикитхум я цІыхубэ артист Нэхущ Чэримрэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль цІэрыІуэмрэ.

РЕСПУБЛИКЭР дызэрыгушхуэ ди артист пажэхэр фестивалым и утыкум Іэгуаузшхуэкіэ щрагъэблэгъащ. Гур хэзыгъахъуэт зи уэрэд жьыІкІэр куэдым фІыуэ ялъэгъуа Нэхущ Чэрим удихьэхыу «Адыгэ пщащэ» уэрэдыр адыгэбзэкІэ зэригъэззщІам укІэлъыплъынырэ, зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакІуэхэм утыкур кьыдагъэбжьыфІэну.

- Сэркіэ пщІэшхуэщ «Славянский базар» фестивалым сызэрыгъэблэгъар. Гъуазджэ зэхьхьэшхуэм и тхыдэм хуриубыдэу абы и сценэм зыкъыщагъэлъэгъуащ цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа, дуней псом и вагъуэ цІэрыІуэхэм, - жеІэ Нэхущым. - Белоруссием япэу сыкІуэну къысхуихуауэ аращ икІи а къэралыр хуабжьу сигу дыхьа къудей мыхъуу, ситхьэкъуауэ жысІэмэ егъэлея хъунукъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІаХэм бысымхэр гуапэу, я гуп зэІухауэ къыпТІущащ, белорусхэр хьэщІэкІэ зэрыфІым и нэщэнэу. Витебск къалэм и къабзагъымрэ и дахагъымрэ умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым! Урысейм исхэр нэхъри зэкъуэзэгъуэвэ, я зэныбжьхэгъугъэр зыгъэбыдэ, лъэпкъхэм я щэнхабзэр нэхъри зэгъунэгъу зыщІ фестивалыр щІэщыгъуэу икІи гукъинэжу екІуэкІащ.

Ди республикэм и лЫкІуэгъэр фестивалым зэрыхэтам щыхьэт техъуэ щІыхь тхылъкІэ, удз гъэгъарэ саугъэтхэмкІэ ягъэлъэпІащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Щіэтіысхьэгъуэм и гуащіэгъуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зэрыщіагъэтіысхьэ Іуэхугъуэхэм щіэгъэхуэбжьауэ зэрыхьихьэрэ мазищ дэкіащ. Мэкъуауэгъуэм и 12-р зэрыщіэтіысхьэ тхьилъхэм я къеІыхьыным и иужьрей махуэу щыта пэтми, абыхэм хэпльэныр, зэхэдзныныр, тхьилъымпІэхэм я зэхэзекіуэм кіэльыпльныр иджыри увыІакъым, уеблэмэ лэжьыгъэ нэхъыбэ пыщіащ.

● Егъэджэныгъэ

КъБКъУ-м щіэгъэтіысхьэныкрэ Іэщіагъэм зэрыхуауэнэтІ пэжыыгъэр къыззэгъэпэщыныжкІэ и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащіэ Хьурей Арсен къыззрыхигъэщамкІэ, мэкъуауэгъуэм и 12-м ирихьэлІэу университетым Іэщіагъэр щіэныгъэрэ щызрагъэгъуэтыну хуейуэ я тхьилъымпІэхэр къэзытам я бжьигъэр цІыху минищрэ щитхум щіегъу. Нэгъабэрей щіэтІысхьэгъуэм я пІалъэ дыдэм ирихьэлІэу зи тхьилъхэр къззытахэм я бжьигъэм уеплъмэ, минкІэ нэхъыбэщ. Абы ущымигуфІыкІынкІи Іэмал иІэкъым.

«Мэкъуауэгъуэм и 12-р ди университетым къыщіэтІысхьэну хуейхэм я тхьилъхэр къатыну Іэмал щаІэ иужьрей махуэт, - жиІащ КъБКъУ-м щіэтІысхьэным епха Іуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыныкІэ и къудамэм и унафэщіэ, педагогикэ щіэныгъэхэм я кандидат Табыщ Тимур. - Иужьрей махуэщ жьІгъу къэдгъэлъэгъуа пІалъэр зытеухуар университет кІуэцІым къыщызэрагъэпэщыну гъэунэхуныгъэхэм хьихьэнухэращ. Ар ахуэгъэпсаУ щытынущ къэралым и мылъкукІэ бакалаврым и программэхэмрэ Іэщіагъэ пыуухІаХэр зэрызрагъэгъуэт программэхэмкІэ еджэну хуейхэм. Мы экзамен лІэужьыгъуэм хьихьэнущ Іэщіагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэр къэзыухэхэр, щіэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэхэр, бакалавриатыр е магистратурэр къамыуахуэ ар зэзыгъэпэщыжыну е зи еджэныгъэр и кІэм нэзыгъэсыжыну хуейхэр, зи узынщагъэкІэ сэкъат зиІэхэр, зеиншэхэмрэ адэ-анэ зыщхьэщымытыжхэмрэ, хамэ къэрал къикІахэр. Ахэр хуитщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятыну е университетым къызэригъэпэщ гъэунэхуныгъэхэм хьихьэну, зэрыщіэтІысхьэну Хьурей Арсен къызэрыхигъэщамкІэ, мэкъуауэгъуэм и 12-м ирихьэлІэу университетым Іэщіагъэрэ щызрагъэгъуэтыну хуейуэ я тхьилъымпІэхэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ».

КъБКъУ-м щекІуэкІыну гъэунэхуныгъэхэм хьихьэнухэм дэхэнэми Іэмал иІэнущ къэралым и мылъкукІэ еджэнхэм яхэхуэныи зэгурыІуэныгъэ зэращіылІэу пщІэ зыщІат программэхэмкІэ еджэнри. Урысейм щыщу гъэунэхуныгъэхэм хьихьэу пщІэ зыщІат программэхэмкІэ еджэну гупыж зыщІхэм Іэмалит! яІэщ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм ялкъ иткІэ кІахьа баллхэм тещІыхьа зэрыщіэтІысхьэ тхьилъымпІэхэр щыщхьэуІум и 25 пщІондэ къатыну хуитщ, ауэ инвестицит кІуэцІым щекІуэкІыну гъэунэхуныгъэхэм хьихьэнухэм я тхьилъымпІэхэр щыщхьэуІум и 10 пщІондэ къатын хуейщ.

ЗэгурыІуэныгъэ зэращіылІэу пщІэ зыщІат программэхэмкІэ еджэну хуейуэ хамэ къэрал къикІхэмрэ къэрал гуэрми и цІыхуу щымытхэмрэ зэрыщіэтІысхьэ тхьилъымпІэхэр щыщхьэуІум и 23 пщІондэ къыІахьинущ. Зи тхьилъэр къззытахэм яхэтщ Конгэм, Узбекистаным, Сириием, Иорданием, Египетым, Индием щыщ щІалэгъуалэр. Урысейм и гуГэу пщІымэ, ди университетым нэхъыбэрэ къыщІотІысхьэ Къэрэшей-Шэрджэсыи, Осетие Ищхьэрэм, Шэшэныи, Ингушым, Дагъыстэным къикІахэр.

КъБКъУ-м щіэтІысхьэнухэм я тхьилъымпІэхэм хэпльэ гупым цІыхуищэм нэблагъэ хэтщ. Абы хохьэунафэщІ гупым щыщэри, егъэджакІуэхэри, еджакІуэ пажэхэри. А гупым хэтщ: КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащіэ Альтуд Юрэ (унафэщіщ), КъБКъУ-м щіэгъэтІысхьэнымрэ Іэщіагъэм зэрыхуауэнэтІ лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкІэ и проректорым и къалэнхэр зыгъэзащіэ Хьурей Арсен (унафэщІым и къуэдзэщ), КъБКъУ-м щі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и апэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ школакIуэ ныбжьыщIэхэр егъэгуфIэ.
Сурэтыр **Шпанагель Эткар** *трихащ. 1984 гъэ*

И фэеплъыр яхъумэ

Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм (1934 - 1997 гъгъ.) и гъащIэр щIэныгъэ Iуэхумрэ политикэмрэ теухуауэ щытащ. А тIумкIи абы зэфIэкIыщхуэ бгъэдэлъащ, нэхъыщхьэращи, цIыхугъэ хэлъар нобэми ящыгъупщэркъым.

ЛЕНИНГРАД къэрал университетым и юридическэ факультетым щIэсу (1952 - 1957 гъэхэм), Къалмыкыр гъунэгъу яхуэхъащ а зэманым хабзэр зыджу щыта цIыху цIэрыIуэхэу Черепахин Борис, Толстой Юрэ, Иофф Олимпиад сымэ. Ахэр псори зэгъунэгъу зыщIыр иужькIэ Къалмыкъ Юрэ гулъытэ ин зыхуищIыжа, урысей юрист нэхъ пашэхэм ящыщ Кони Анатолий и лэжьыгъэхэрт. Абыхэм я лъабжьэр законыр къыщыбгъэсэбэпкIэ лъэныкъуэ гуэрым и телъхьэу укъэмыуву, пэжым утетынырт - арат Къалмыкъми гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуар.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Къэрэшей-Шэрджэсым и Хьабзэ радионым и цIыхубз хеящIэу илъэситIкIэ щылэжьауэ, ар Саратов дэт юридическэ институтым и аспирантурэм щIэтIысхьэжащ икIи илъэсищ дэкIри, а еджапIэ дыдэм граждан правэмкIэ и кафедрэм щылэжьэн щIидзащ. Ассистент къулыкъум кIыщыщIэдзауэ унафэщIым деж щыщIэкIыжу, Къалмыкъыр абы илъэс 27-кIэ щылэжьащ. А зэманым къриубыдэу абы щIэныгъэм и доктору, кандидату пщIы бжьыгъэхэр къыщIигъэкIащ, езым щIэныгъэ лэжьыгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэмкIэ, Урысейм и мызакъуэу, Совет Союзым хэта адрей республикэхэми къыщацIыхуат. Абы и студентхэмрэ аспирантхэмрэ иджыпсту щолажьэ Къэзахъстанми, Таджикистанми, Узбекистанми, Украинэми, Белоруссиеми.

Къалмыкъым и кандидат, доктор лэжьыгъэхэр щIалэ дыдэу зэрыпхигъэкIафам емылъытауэ, къэралым граждан правэмкIэ зэфIэкI яIэу нэхъ цIэрыIуэу и Iэщ IагъэлIхэм и цIэр бгъуарагъуэвэ хуат. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Грибанов Вениамин (МГУ), Красавчиков Октябрь (Свердловск юридическэ институт), Басин Брий (Къэзахъ къэрал университет), Ойгензихт Виктор (Таджик къэрал институт) сымэ.

Политикэм зэрыхьхьар Къалмыкъым къыльытэрт зэрымыщIэкIэ къэхъуа АрщхьэкIэ зи Iуэхум къыззымыкIуэу хэзыщIыкI, лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу, зыхэтым пэжагърэ IущыгъэкIэ кьахущ Юрэ а гъэрэуанэм щхьэбжьигъэ кьудейуэ техьатэкъым. Ар щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэм СССР-м и цIыхубз депутат хьун гуэр кьигъэльэгъуэну хуитыныгъэ щратым, зи дзыхь зрагъэзар Къалмыкъыратэ. 1989 гъэм гъатхэпэм и 26-м ар СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубз депутату хахащ.

А гъэ дыдэм и накъыгъэм цIыхубз депутатхэм ирагъэкIуэкIа апэ зэхуэсым СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм зэхуэдэ хуитыныгъэхэр зиIэ палатитI хахащ, зым хьихьащ Къалмыкъыр - ар законодательствэмкIэ, законым тетынымрэ хабзэхэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ ящIащ, 1990 гъэм и мазаем унафэщI къулыкъури къыльысащ.

Политикэм Къалмыкъ Юрэ зэрыхэта илъэсийр (иримыкъупэу) Iуэху куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ, нэхъыщхьэ дыдэу абыхэм езыри къыхиигъэщхьэхукIырт СССР-р щыльэпэжым ахэр зытелэжьаэрат. Къэралыншхуэм иIэну хащIыныгъэр нэхъ зэрагъэмащIэным къарушхуэ ирихьэлIат зи унафэщI комитетым - союз республикэхэмрэ центрымрэ зэрызэхущытыным теухуа актхэм, закон зэмылIэужьыгъуэ куэд къызэщIиубыдэу, ягъэхьэзырат. АрщхьэкIэ Къалмыкъым жиIэжырт а лэжьыгъэр, дауэ игу щIэмыхьами, псыхэкIуадэ зэрыхъуар - абы щыгъуэм утыку кьихьа къарухэр нэхъ лъэрызехьэу къыщIэкIат.

Совет Союзым и Парламентым и Комитетым и унафэщI къулыкъум Къалмыкъым къыхукIэлъыкIуэнкIэ хъуну щытащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм СоюзымкIэ и Советым и унафэщI Iэнатlэр. Хэхьныгъэм пхыкIыным Iэлэту 8 кьудей иримыкъужауэ аращ. Къэгъэльэгъуапхъэщ Къалмыкъым апхуэдэ кьулыкъур кьызэрыхуагъэльэгъуа кьудейм пщIэуэ иIар къуэзэригъащIэр: депутатхэми юристхэми ар я щапхъэт. Абы къыгуэтхэм ящыщт юридическэ IуэхухэмкIэ къэралым щыпашэ Алексеев Сергей, Хохлов Станислав, Маковский Александр сымэ. СССР-р лъэпкъэжа нэужь, абыхэм я гъусэу, Къалмыкъыр жьыджэру хэтащ Урысей Федерацэм и актхэм я проектхэр гъэхьэзырынымрэ къэпщытэныжмкIэ къэхутакIуэ центр къызэгъэпэщыныжрэ. Иужькъэ правэмкIэ Урысей школ къызэIуахащ, Москварэ Екатеринбургрэ и кьудамэхэр щыIэу. 1996 гъэм и кIэхэм къыщыщIэдзауэ Къалмыкъыр абы и ректор хъуащ. А еджапIитIкIэ къызэзыгъэпэщахэм хэпъхьэныгъэшхуэ яхуащIащ Урысей Федерацэм и Конституцэмрэ Граждан кодексымрэ гъэхьэзырыным.

1991 гъэм и кIэм Алексеевым Къалмыкъыр иригъэблагъэри, ПравэмкIэ къэхутакIуэ центрым и советым и унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ. Ар абы щыпэжащ 1993 гъэм и гъатхэпэм Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министрым и къалэнхэр игъэзэщIэну пщэрылъ къыхуащIыхукIэ. Щыщхьэуй мазэм министр кьулыкъур кьратащ. Ауэ а Iэнатlэр Къалмыкъым езым и лъэIукIэ 1994 гъэм и дыгъэгъазэм къигъэнащ, Шэшэным дзэхэр зэрыраГъэхьам и унафэм арэзы темыхъуэфу. Абы и фIэщ хъурт кьару къамыгъэсэбэпу, Iуэхур мамыру зэхэбгъэкIыфыну щытауэ.

Къыщалъхуа лъахэм пэIэщIэу и гъащIэм щыщ Iыхьэфl игъэкIуад Къалмыкъ Юрэ, ауэ зэи игу ихуакъым и хэкужьр. ЕджакIуэ щыкIуа илъэсхэм щегъэжьауэ, абы фIэгъэщIэгъуэну иджын щIидзат адыгэ лъэпкъым и тхыдэр. Иужькlэ игу кьигъэкIыжу щытащ щыстудентым Ленинград Салтыков-Щедриным и цIэр зезыхьэ библиотекэм жэщыр хэкIуэтэху щIэкIу зэрыщытар, шэрджэсхэм я гъащIэм, Кавказ зауэм теухуауэ ятахэр (Берже А., Леонтович Ф., Люлье Л., Нэгумэ Шорэ, Тарнау Ф. сымэ я лэжьыгъэхэр) зэрыт журнал тIорысхэмрэ зи тхыльымпIэхэр гъэжь хъужыну хунэса тхыльхэмрэ щиджыкIыу. «Си лъэпкъым нэхъ захуэ щымыIэу хьысIэнукъым, ауэ дэтхэнэ цIыху тэмэмми хуэдэу, сыкъызыхэкIар фIыуэ солъагъу, согъэльапIэ, сропагэ», - итхыгъат абы зэгуэрым.

1991 гъэм и накъыгъэм и хэкуэгъуэхэм кърагъэблагъэри, Налшык кьалэм япэу щекIуэкIа Дунейпсо адыгэ зэхуэсым ар хэтат. Конгрессым къыззригъэпэща Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзэу Къалмыкъыр хахат. Жэуаплныгъэ зыпылъ а Iэнатlэр зэман нэхъ гугъуэхэм абы щIыхь пылъу ирихьэкIащ, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэхэм а зэманым щекIуэкIа политикэ Iуэхуэри зэпIэзэрыту иIыгъащ. Къалмыкъым и нэIэм щIэту, Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэщIигъэуIат 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа Хэку зауэм Кавказым ис лъэпкъхэм ящыщу дэIэпыкъуэгъуэ хъуну кьарур.

Къалмыкъ Юрэ дунейм ехыжащ 1997 гъэм. Абы и цIэр ящыгъупщэркъым, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэIэт пашэу лъэпкъым иIащи.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЛъэпкъылI

Мамхэгъ Михаил 1936 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Тэрч кьалэм кьыщалъхуащ. 1959 гъэм абы Краснодар дэт Кубань мэкъумэш институтыр кьиухащ инженер-механик Iэщlагъэр иIэу. Мамхэгъыр и Iэщlагъэм фIыуэ хэгъуэзауэ илъэсихым и кIэущIэкIэ ирилэжьащ, Iэнатlэ зыбжани зэрихьэжкIащ. 1965 гъэм КПСС-м и Тэрч райкомым и етIуанэ секретару ар хах, абы къыкIэлъыкIуэу - республикэм нэхъ ин дыдэу ит «Къэббалкъмэкъуэмэштехникэ» Iуэхущlапlэм и унафэщI ящI. 1974 гъэм Мамхэгъыр Тэрч райкомым и апэ секретару агъэуващ.

1984 ГЪЭМ Михаил КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару хахащ, илъэситI дэкIри, етIуанэ секретарь хъуащ. 1988 гъэм ар Правительствэм и УнафэщIу ягъэуващ. 1991 гъэм езыр и Iэнатlэм Iукlащ.

Мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм и мэкъумэш Iэнатlэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, гупсысэ куу зыбгъэдэлъ цIыхур мызэ-мытIэу Урысейми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгейми, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми къабгъэдэкIыу цIэ лъапIэхэмрэ саугъэтхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Мамхэгъ Михаил ящыщщ Iуэхущlафэ дахэкIэ зэманыр зыгъэнщIахэм, цIыхубз хозяйствэм зегъэужьыным зи гъащIэшхуэ хэзылъхьахэм. Губзыгъэт, Iэнатlэ зехьэкIэм хуэIэзэт. Кьулыкъушхуэ иIыгъми, къызэригуэкIт, бэм я псэм дыхьэрт. И псалъэм зэрытебгъуэтэжьми и пщIэм хигъахъуэрт. Дунейм, гъащIэм щекIуэкIхэм, къыщыхъуэкъыщыщIэхэм нэ жанкIэ пхыплъыфырт, а псор тэмэму, пэжагъ хэлъу зэпилъытыфырт. Къыхуиухар кьрихьэлIэхункIэ хэкумрэ лъэпкъымрэ хьэлэлу хуэлэжьащ, и фIы куэд цIыхухэм яригъэкIащ. Араща абы и цIэр щIытфIэлъапIэрэ и фэеплъыр мыкIуэдыжьын зыщIри.

«ФIы зи мурадым къэхъуIэ, - жаIэ. Пэжыныгъэмрэ цIыхугъэ лъагэмрэ зэгъэуэу къызыдекIуэкIа Мамхэгъ Михаил деж ар щынэрылъагъут. Абы и мурадыр къеХуэлIэу, и псалъэхэр яфIэлъапIэу щIыщытар и гу къабзагъэрт, нэгъуэщIхэм защIэгъэкъуэным дапщэщи и псэр зэрертарт.

Республикэм щекIуэкIа ухуэныгъэшхуэхэр Мамхэгъым и цIэм къыгуэхьипIэ имыIэу епхащ. Апхуэдэщ къедза жылагъуэми ялъэIэсу яукъуэдия Налшык - Шэджэм - Бахъсэн псы кIуапIэ гупышхуэр, кьалэхэмрэ посёлкэхэмрэ щагъэува псы гъэкъэбзапIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхэрым троллейбусхэр зэрыщагъпщар, Печатым и унэр, Пионерскэмрэ школакIуэхэмрэ я унэр, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэр, нэгъуэщI куэдхэри.

Мамхэгъ Михаил фIыуэ сцIыхурт. «Къэббалкъмэкъуэмэштехникэ» зэгъэхьэныгъэм и тхьэмадзэу щылэжьам, езым я газет кьыдагъэкIыжьын мурадкIэ, 1969 гъэм сриГъэблэгъауэ щытащ. Абы си лэжьапIэр кьызэрызэригъэпэща щIыкIэр район, республикэ газет псори зыщIэхъуэпсым хуэдэт. ГъащIэгъуэнракъэ, лэжьэн щыщIэздза япэ махуэ дыдэм тIуми автомашинэщIэ зырыз кьытхуэкIыат - Мамхэгъым «Волга», сэ - «Москвич». Апхуэдэу дызэдэлажьэу, зы пщыдджажь гуэрым машинэхэр зыдэт пщIантIэм среджэ. «Иэт, спидометрэм дегъэпльыт», - жеIэри и «Волга»-м сыбгъэдешэ. ИужькIэ сысейм и спидометрым кьридзам доплъ. Къагъэльагъуэ бжьгъэхэр щызэзгъапщэм, пцIы хэмылъу, Iэнкун сыкъэхъуащ - республикэм и «Мэкъумэштехникэ» зэгухьэныгъэм и унафэщым кьикIухьам нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ къэзжьихат. МащIэу кьыпIыгуфIыкIа мыхъумэ, зы псалъэ кьызжиIатэкъым.

Пэжыгъэр япэ изыгъащ цIыхур къызыхэкIа лъэпкъым и насыпщ. И дуней тетыкIэм, и Iуэху зехьэкIэм абы и пщIэр кьеIэт, егъэкин. Мамхэгъ Михаил хуэзфIэкIар зы тхыгъэшхуэкIэ кьыпхуэгъэлъэгъуэныкъым: ищIэр фIэмащIэт, и гур фIымрэ гуапагъэмрэ хуэгъэпсати, зэуваIэр кьехъуIлIэрт. А псор кьыпэкIуэрт кьыщыхъуэ унагъуэм щигъуэта гъэсэныгъэ дахэм.

Ар къэрал лэжьакIуэ нэст, зэIэпахыу лIэщIыгъуэкIэрэ кьыддекIуэкI адыгэ хабзэм ткIийуэ тетт. 1991 гъэм Налшык и утыку нэхъыщхьэм щрагъэкIуэкIа демонстрацэхэмрэ пэкIуэхэмрэ я зэранкIэ, республикэр щытыкIэ гугъу дыдэм кьихутат, зэпэщIэтныныгъэм пхуэмыгъэзэкIуэжыну насыпышагъэ кьишэным нэсат. Пъэныкъуэ псори арэзы зытехъуэну унафэхэр зэпэшэчауэ кьащтэн хуейт. Абы тегушхуэфынур акъыл жан зиIэ, гупсысэ узынышэ кьызыпIкIыкI цIыху губзыгъэкIэрт. Апхуэдэ жьыжьапльэхэм ящыщт республикэм и Министрхэм я Советым и тхьэмадэ Мамхэгъ Михаил. Къэбэрдей-Балъкъэрым и мамыр псэукIэр, лъэпкъхэм я зегурыIуэныгъэмрэ зэпIэзэрытныгъэмрэ ихъумэн, ди щIыналъэр зэкъуэту къызэтенэн папщIэ, республикэм и адрей унафэщIхэми хуэдэу, Правительствэм и Iэтащхьэ кьулыкъым езыр текIащ. Ар и щIыхьэтщ и лъэпкъым гуэ-лыуэ хуиIэу, абы и кьэкIуэкум зэпымыуэу игъэПлейтеИуэ зэрыщытар. Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ зегурыIуэныгъэмрэ нобэ зэрыщытепщэм, зэкъуэту зэрызиужьым Мамхэгъым и фIыщIэшхуэ хэлъщ.

«Зэманым декIур лIыфIщ». Ар зыхужаIар Мамхэгъ Михаил хуэдэхэрщ.

МЭШЫКЪУЭ Тэзал.

Бабыкъу Алым-Джэрий и къуажэ

● Убых щIынатъэ

Шахэ псышхуэм и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ Беикъуэпсрэ Бушийрэ кьыщыхэльадэкIэ, а щым я зэхуэку кьыщыунэху хуей зэхуэщимэ-зэпэплIимэм итщ ар.

ФIЭЩЫГЪЭР языныкъуэхэми «Бабыкъуэ» унагъуэцIэм къытехъукIауэ къалъытэ, мыдрейхэми ар «Бабыкъу» цIыхухъуцIэм къытепщIыкIауэ жаIэ.

Уриыс-Кавказ зауэм и кIэхэм Шахэ и псыхъуащхьэхэр и хэщIапIэт къущхьэрыс (бгырыс) убыххэм я дзэпщ нэхъ пажэхэм хабжэу кьекIуэкIа, Бэрзэдж лIакъуэм щыщ, хьэжы Бабыкъу Алым-Джэрий. ЗэпэщIэувэныгъэ кIыхьым икIи хьэлъэм и иужьрей илъэсхэм пащтыхьидзэхэм мы щIыпIэм щыпхраща «Убых кордон линие» зыфIащами мыбдежьр и кIэухт.

1864 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м Бабыкъу кьуажэм и Iэгъуэблагъэм щызэрихьэлIэгъащ зы пIалъэм кьриубыдэу убыххэм я щIынальэм кьиэзрыгуа пащтыхьидзэхэм ящыщу 3-р: Дыгъэмыс лъэныкъуэмкIэ кьикIа дзэ пакIэу генералмайор Гейман зи Iэтащхьэр, кьущхьэщIыб лъэныкъуэмкIэ (Псыжь здэщIыIэ тафэмкIэ) щежэх Пщыхьэ и кьуэладжэм кьыдзкIыу, кьуршхэм кьащхьэпрыкIа, генерал-майор Граббе Николай зи пашэ гупымрэ Дахэ псыхъуэр Урысейм кьыхуэзыхъуа дзэмрэ («Даховский отряд»).

КъыхэдебгъэрыкIуа урысыдзэхэм езы Бабыкъу хьэжыр апежьэн хуей хъуащ, и жьылэжэр бийм зэтримыгъэгъэсхьэн папщIэ. А Iуэхугъуэр езы урыхэм къаззрыхуэщхьэпэжа щIагъуэ щымыIэми, зи гугъу тщIы кьуажэм къыдэна псэупIэхэр езы урысхэм иужьым кьагъэсэбэпыжащ: дзэ гуэздзэм кьадзкIуа лъэсырыкIуэ батальон псо «щIагъэзэгъащ».

ЗэрыпхъуакIуэхэм я нэгу кьыщIэува унэхэр я теплъэкIэ телъыджэт: зыхэзгъэпщкIухьа жыг хадзэжм ахэр адэкIэ-мыдэкIэ кьыщыхэлъагъуэкIырт, уэрам хэгъэунэхукIа гуэри я зэхуаку дэмыту. Адрей псоми къахэщхьэхукIырт, гу лъымытэнкIэ Iэмал зимыIэу, езы Бабыкъу хьэжым кьатитIу зэтет и псэупIэ дэгъуэр - зи унащхьэр пхъэбгъу зыкъизыхэмкIэ зэщIэлъIар *(«Кавказ» журнал, 1868 гъэ, Невский Павел: «Закубанский край в 1864 г.», 97-нэ нэпэкIуэц1).*

Бабыкъу кьуажэ деж ноби ущрохьэлIэ гъуапльэрэ гъущIрэ кьыщыщIаIущIыкIыу щыта, гъуэжлау теплъэ зиIэ зъщапIэжьхэм. Iэгъуэблагъэм щыплъагъунущ мы щIыпIэм щыпсэуахэм зи гугъу тщIа лIэужьыгъуэхэр щагъэткIу-щагъэзыжу къадекIуэкIа щIытI абрагъуэхэр. Абыхэм иджыри къызэдэсым кьыщIагъуэтэ гъуапльэ, гъущI пкъыгъуэхэм я пыдзахуэ зэхуэмыдзэхэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ, мыбы хуэдэ пасэрей кьыщIэхьыпIэхэмрэ льэщапIэжьхэмрэ адыгэ-абазэ-убых льэпкъ зэрыбыныр ижь-ижьыжкIэ-рэ зэрыса адрей бгылъэ щыналъэхэми дазэрыщрихьэлIэр.

Адыгэ Республикэм щыщ, щыпIэцIэхэр джыным куэд щIауэ дихьэх щIэныгъэлI цIэрыIуэ Мерэтыкъуэ Къасым щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Бабыкъу кьуажэр зэщыт щIыпIэм хуэгъэзэауэ псэхурэ уи псэр игъэтынщу къыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэм укъыщIоджэ Мыкъуэжь Анатолэ и усэ купщIафIэхэм.

Зи гугъу тщIа тхыгъэхэр зыщIэт «ЖьантIэ» рубрикэм къыкIэлъокIуэ «Прозэ» Iыхьэр. Ар мызыгъуэгукIэ зыхуэхэар «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Чэрим Марианнэ и романщ. «ПЫ иримыкъу» зыфIищ тхыгъэшхуэм и япэ Iыхьэр журналым и етIуанэ номерым тетащ.

«Публицистикэ» рубрикэм щIэтщ Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэхэр. НэщIэпыджэ Замирэ и «НэщIэпыджэ зэкъуэшищыр» лъэпкъым щыщу Хэку зауэшхуэм лIэщ щызэзыхьа зэанэкъэлъхуэхэм ятеухуащ. Бэгъэтыр Луизэ и Iэдакъэщ1экIыр и анэшхуэ Кубра и гъащIэ гугъур кьыщIигъэльэгъуэжа тхыгъэ щIэщыгъуэщ.

Журналым и лэжьакIуэхэр сытым дежи ящхьэ дитщ сабийхэр гулъытэншэ зэрыдмыщIыным. Адрей Гриммэ зэкъуэшхэм я таурыхъхэм ящыщу Нало Заур зэридзэкIахэр кьыщIэтIатыжар.

«Iуащхьэмахуэм» тету зи гугъу тщIа тхыгъэ псоми кьыщыIуэтахэр нэхъ нэIурыт хьун папщIэ сурэтхэр куэду ящыгъуащ. КъыдэкIыгъуэр зэхуэщIыж псэльэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.



Зи чэзу къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ

Иджыблагъэ дунейм кьытехьащ «Iуащхьэмахуэ» журналым и ещанэ номерыр. Адрейхэми хуэдэу, зыкъыщIэзгъуэнын тхыгъэ мыбыи кьыззрыщагъуэтынум шэч хэлъкъым.

ЖУРНАЛЫР къызэIуех къызэралъхурэ илъэсищ ирикъуа тхакIуэ цIэрыIуэ Нало Хьэмдэхан и гъащIэмрэ и гущIэгъэмрэ къызэщIэзэкъуэ «Урыху аккъужьKIэ псыхьа тхакIуэпсэ» тхыгъэм, Хьэвжокъуэ Людмилэ и кьалэмыпэм кьыщIэкIам. Ахьмэдхъан хужаIа псалъэ гуапэхэр, абы и творчествэм, и тхакIуэ дунейм хуащIа гулъытэр къэзыгъэльэгъуэрэ,зэрыгурыIуэгъуэщи, мащIэкъым. Ахэращ кьыкIэльыкIуэ напэкIуэцIхэм укъызыщеджэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Тхыдэр и гъабжьэу» зи фIэщыгъэу Къэжэр Хьэмид итхыгъам гупсэхуу и гугъу щыщIащ «Нэхущ шу» романым. Щоджэнщ1ыкIу Iэдэм, Сокъур Мусэрбий, Щэвлокъуэ Пётр, Мэшбащ1э Исхьакъ, Къэрмокъуэ Хьэмид, Мусукаевэ Анжелэ, Къэмбэчокъуэ Iэдэм сымэ я тхыгъэ кIэщIхэм къыхощ абыхэм Налор фIыуэ яцIыхуу, и гущIэм пщIэ хуащIу зэрыщытар. АдэкIэ щIэджыкIакIыгъэхэр къыщеджэнущ Ахьмэдхъан и тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ «Нэхущ шу» романым щыщ пычыгъуэ.

Мэкъуауэгъуэ мазэм и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуащ усакIуэ Мыкъужь Анатолэ. Хьэвжокъуэ Людмилэ «ГуфIэгъуэм теухуа уэрэд нэщхьей» зыфIища тхыгъэм щыщэпкърыхащ усакIуэм и творчествэр. Абы дыщIигъуми ярейуэ кьыкIэлъокIуэ Бищlо Борис «И гупсысэр куурэ и псалъэр шэрыуэу» зыфIища тхыгъэр. Мыкъужь Анатолэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэращ адэкIэ дыкъызыщеджэр. Апхуэдэу усакIуэм и гущIэм гулъытэ хуэзыщIахэр куэд дыдэ мэхъу, псалъэм папщIэ, Тхьэгъэзит Зубер, Къагъыр мэс Борис, Iутlыж Борис, КIэщт Мухьэз, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къэжэр Хьэмид, Мэзыхьэ Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри. Уи гур игъэпсэхурэ уи псэр игъэтынщу къыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIхэм укъыщеджэ Мыкъужь Анатолэ и усэ купщIафIэхэм.

Зи гугъу тщIа тхыгъэхэр зыщIэт «ЖьантIэ» рубрикэм къыкIэлъокIуэ «Прозэ» Iыхьэр. Ар мызыгъуэгукIэ зыхуэхэар «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Чэрим Марианнэ и романщ. «Пы иримыкъу» зыфIищ тхыгъэшхуэм и япэ Iыхьэр журналым и етIуанэ номерым тетащ.

«Публицистикэ» рубрикэм щIэтщ Хэку зауэшхуэм теухуа тхыгъэхэр. НэщIэпыджэ Замирэ и «Нэщlэпыджэ зэкъуэшищыр» лъэпкъым щыщу Хэку зауэшхуэм лIэщ щызэзыхьа зэанэкъэлъхуэхэм ятеухуащ. Бэгъэтыр Луизэ и Iэдакъэщ1экIыр и анэшхуэ Кубра и гъащIэ гугъур кьыщIигъэльэгъуэжа тхыгъэ щIэщыгъуэщ.

Журналым и лэжьакIуэхэр сытым дежи ящхьэ дитщ сабийхэр гулъытэншэ зэрыдмыщIыным. Адрей Гриммэ зэкъуэшхэм я таурыхъхэм ящыщу Нало Заур зэридзэкIахэр кьыщIэтIатыжар.

«Iуащхьэмахуэм» тету зи гугъу тщIа тхыгъэ псоми кьыщыIуэтахэр нэхъ нэIурыт хьун папщIэ сурэтхэр куэду ящыгъуащ. КъыдэкIыгъуэр зэхуэщIыж псэльэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.

● Щіэныгъэ

Лэжьыгъэр щызэпыуркъым

Бэрбэч Хьэтютіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университым лэжьыгъэр зэпымыуу щекІуэкІыу зы щІэныгъэ лъэщапІэ гъэщІэгъэн иІэщ - щыІуэсыным и музейм геологие хуэІухуэщІэхэмкІэ и къудамэр. Къызэрыгъэгъэщрэ куэд мыщІами, абы и къэхутэныгъэхэм щІэупщІэ яІэщ, иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм пщІэ игъуэтащ.

КЪУДАМЭМ и унафэщІ Шамаринэ Иринэ зэрыжиІэмкІэ, щІыуэпсым и музейм и лэжьыгъэр кІыззэрыкІуэ гъэлъэгъуэгъэ къудейкъым зытеШІыхьар, абдеж къыщІыхалъхьэ сыт хуэдэ теплъэгъуэри щІэныгъэм и зы хэхьпІэщ, химиемрэ биологиемрэ ззэпсх къхутэныгъэхэм я къэкІуапІэщ. «ЩІыуэпсым и музейм 2018 гъэм лэжьэн щІидзащ, - жеІэ Шамаринэ Иринэ, - «КъБКЪУ-м и Ботаникэ жыг хадэ» ефжапІэ-щІэныгъэ центрыр зи къежьапІэ, абы иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зи Іуэхум и Іыбжьэу щыт ди музейр щІэныгъэ-къэхутакІуэ, ефжэныгъэ методикэ, щІэнжабзэ-узэщІакІуэ Іуэхущапіэу къоГуэгуркІыІэ, и къалэн нэхъыщхьэри бгыІпхэм къыщІах мывэ лъэпкъ зэмылІэужьыІуэхэмрэ минералхэмрэ зэхуэхьэсыныр, хьумэныр, джыныр, гъэлъэгъуэныр.

Музейм и щхьэхуэныгъэхэм ящыщу абы и лэжьыгъэр ефжэныгъэм гуэх имыІэу пыщІауэ зэрыщытыр, химиемрэ биологиемкІэ къудамэхэм курс щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпащэ абыхэм кІыззащІаубыдэ Іуэхугъуэ хуэдиР ди музей гъэтІылъыпІэхэр щапхъэу щагъэлъагъуэкІэрэ щызэпкърахыу. Абы и лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, ди университетым иІэ Іэмалым хуэдэ зыбгъэдалъ ефжапІэ куэд щыІэкъым. Ди щІыналъэм и щІыуэпсым и щхьэхуэныгъэхэм я тхыдэр джынымрэ къэхутэныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ геологие, геоморфологие, палеографие щІэныгъэхэр, жьэрыІуатэ къудей мыхъуу, нэрылъагъуу ефжакІуэхэм ябгъэдэтлъхьэну Іэмал хъарзынэхэр диІэщ. Абы къищынэмыщІауэ, щІыналъэм и пкъымрэ зэрызэхэлъымрэ къэзыхутэ географие щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыбджыфынущ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди музей гъэтІылъыгъэхэм бгыІпхэхэм къыщІах, жьымрэ псымрэ ящхъэа мывэ лъэпкъыгъуэхэр, щІым хьихьэу зи уней нэщэнэхэр зыхъуэжа мывэ зэмылІэужьыгъуэхэр, щІымафІэм къызыхидза мывэ зэхуэмыдэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуар, зэрызэхэлъкІи къызэрыхъуакІи зэрызэхуэмыдэм гъэщІэгъэнагъ куэд къаззрылъыкъуэкІым къыхэкІыу щыпІэ жьыжьэхэм къикІыуРэ ахэр къызэрахутэр, зэрызэрагъащІэр.

Ди музейр КъБКъУ-м химиемрэ биологиемкІэ и институтхэм я щІэныгъэ лэжьыгъэм кууу зэрыхэпщІам и мызакъуэу, ефжакІуэхэми Іэмал ярет а мывэхэмрэ минералхэмрэ къэхутэныгъэхэр драгъэкІуэкІыну, методикэ и лъэныкъуэкІэ щІэгъэкъуэн яхуохъу, щІэныгъэ унэтІыныгъэ щхьэхуэхэм дедгъэхьэхыу ахэр кууу щрагъэдж центрхэм щапытщІэфри мащІэкъым. Апхуэдэу, музейм щІэк-щІэкыуРэ кІыятКІэлъэкІуэ ди щІыналъэм и географиер курыт ефжапІэхэм щезыгъэдж егъэджакІуэхэр, абыхэм я гъкІэгъэсэнхэм щхьэкІэ Іэщіагъэм хуэзыунэтІ Іуэхугъуэхэр къызыдогъэпэщ».

Музейм и лэжьыгъэм дихьэхауэ тепсэлъыхь Шамаринэ Иринэ хъыкигъэщащ дунейм зэрехьэрэ куэд мыщІа щІэныгъэхутэ тепІыдж, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Емуэ Людмилэ и цІэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсым теуХуа музейм и гъэтІылъыгъэхэм я курыхьр ззэзыгъэпэщар аращ. Музейм зиубгуэным, щІэныгъэ унэтІыныгъэ игъуэтыным щхьэусыгъуэфІ хуэхъуар абы Кавказышхуэр къызэхиКІуэрэ иригъэкІуэкІа геологие щІэныгъэ зекІуэхэм, практикэхэм кІриха хъугъуэфЫгъуэхэрщ. Емуэ Людмилэ КъБР-м и щІыналъэ географием хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр кьыхощ дэтхэнэ зы мывэ лІэужьыгъуэми минерал лъэпкъзыгъэми я фІэщыгъэр, къызэдикІар, и уней нэщэнэхэр, и хьэлъагъ-псынщІагъым, химие и лъэныкъуэкІэ зэрызэхэлъыр зыубзыху тхыгъэ зэрыхуищІыжкам. Музейм и лэжьыгъэр абы куэдкІэ игъэпсынщІащ.

Музей гъэтІылъыгъэхэм ноби зэпымычуу ХьахохьэУ. Мызыгъэгум ар нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэн йолэжь - цилиндр тепльэ яІэу щы яубгуэм къыщІэкІ мывэ лъэпкъ быдзкэр, щІэныгъэр «керн»-кІэ зэджэр, къахутэ, лъэпкъыгъуэкъэр зэхагъэкІ. Зэ еплъыгъэкІэ къызэрыгуэкІ мывэ лІэужьыгъуэу къэлъагъуэми, щІым и ныбжьри, къаткъутрэ зэтелъ щІыгуп лъим и зэхэлъыкІэри къэрипхутэну ар Іэмал гъуэзэджащ.

Музейм и лэжьыгъэр зэи зэпыуркъым, дыкъэзыыхъуреихь дунейм и ублапІэр теплъагъуэрэ пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ егъэлъагъуэ, и щхэхуэр къетІэщІ.

ШУРДЫМ Динэ.

Блэкіам кІэлъыплъыжьну, къэкІуэнум хукъуэплъыну гукъыдэж зиІэхэм Іэмал яІэщ «Льэпкъым и лъэужьхэр» («Следы нации») тхыдэ-щэнхабзэ проектыр зыгъэхьэзырахэм къыхалъхьа зэпеуэхэм - «Сценарии будущего», «Хранители этносов» - я зэфІэкІ щеплъыжьну. Ар зи жэрдэмыр «Молодой мир» жылагъуэ зэгухьэныгъэрщ. Зэпеуэхэр къыхэзылъхьахэм я дэІэпыкъуэгъуэ «Ной Фильм» кинокомпаниер.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ хэт хъунущ зи ныбжьыр илъэс 14 иракъуэхэм щыщІэдзауэ гупыж зыщІ дэтхэнэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я дежкІэ зэпеуэхэр зыбграуха Іуэхугъуэхэр ди нобэрей зэманым поджэж, сыту жыпІэмэ зэманым дыдэбакъуэурэ къытпэплъэр зэдгъэщІэну дызэрыхущІэкъуР, дыщалъуа щыналъэм, абы лІэщІыгъуэкІэрэ къыдекІуэкІ тхыдэ къулейм, бзэ, щэнхабзэ, хабзэ телъыджэхэм яхудиІэ лъагъуныгъэр республикІэм ис лъэпкъхэм ди гупсысэм я лъабжьэщи. КьищынэмыщІауэ, зэхьэзэхуэм я зэфІэкІэхэр щагъэнэІуэфынущ Іэщіагъэ ззэзыгъэгъуэтагъащІэ е абы хуэІэижь журналистхэм, сценаристхэм, литераторхэм, цІыхубз Іэпщіэлъапщіэхэм, дизайнерхэм, лъэпкъ фащэхэм я тхыдэм дихьэххэм.

«Следы нации» лэжьыгъэр къэхэзылъхьахэм я мурад нэхъыщхьэр къэрал, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэм я зэхуэдэ лъапІэныгъэхэр къагъэлъэгъуэнырщ, мамырыгъэ я зэхуакІ дэлъу, я дахэхь зрагъэзу къызэдэгъуэ гурыкІуэныгъэ. Программэм хохьэ щэнхабзэ, тхыдэ, бзэ къэхутэныгъэхэр, лъахэхутэ экспедицэхэр, зэхуэсхэр, зэпеуэхэр, фестивалхэр. **«Сценарий будущего»** зэхъэзэхуэр лІэужьыгъуэ зыбжанэ мэхъу: **«Сценарий будущего»** (илъэси 100 дэкІмэ, кьытпэплъэр зэралъагъум теухуа тхыгъэ), **«Художественнэ фильмым и сценарий»**, **«Документальнэ фильмым и сценарий»**, **«Репортажым и сценарий»**, **«Социальнэ нэтыным и сценарий»**, **«Телевиденэ шоум и сценарий»**, **«Нэгуэшыж программэм и сценарий»**, **«Квестым и сценарий»**, **«ХъыбарегъащІэм и сценарий щІэщыгъуэ»**.

КьыззэгъэпэщакІуэхэм кьыхагъэщащ лэжьыгъэхэм «ухэту» кьыпщыцызыгъэхьу Іуэхугъуэхэм гулъытэ хуащІын зэрызыуейр. Сценариим и фІагъыкІэ зэпльытэжар лэжьыгъэм и режиссёр, актёр хъунухэр, проектым кьыпэкІуэну мылъкур.

«Хранители этносов» дунейпсо проектым лІэужьыгъуэтку кьыззэщІеубыдэ: «Фэильхьэгъуэзэр», «ЦІуГъэнэхэр», «ЦІыхубз Іэпщіэльапщіэхэм я Іэмэпсымэхэр», «Саугъэтхэр», «Фильм е репортаж». Зэхьэзэхуэм ягъэхьыну дэтхэнэ Іэмэпсымэри езыр-езыру я Іэкіэ ягъэхьэзырыжауэ щытыпхъащ. КьищынэмыщІауэ, зэпеуэм хэтхэм репортаж ягъэхьэзырын хуейщ, лъэпкъ мащІэхэм я щыІэкІэ - псэукІэмтеухуауэ. КъэпщытакІуэхэм зи лэжьыгъэхэр пхагъэкІэхэм зэхьэзэхуэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэ тхылъхэр иратыжынущ. Проектым теухуа тхыгъэхэр евгъэхь икІи абы теухуа тхыгъэхэм нэхъ кууу зыхэзгъэгъуэзэ хъунущ мы дгъэнаІуэмкІэ: **https://tracesofnations.org/kon/scripts-of-thefuture/, https://tracesofnations.org/kon/guardians-of-ethnoses/.**

БЖЬЫХЬЭЛІ Розэ.

«Льэпкъым и лъэужьхэр»

● Зэпеуэхэр

Урысейр зэрыщыту зэлъегъэІэс

Тхыгъэр тхылъым тету фІэкІа зигу нэмысхэм папщІэ хъыбарыфІхэр диІэщ.

ЯПЭРЕЙР Котляровхэ Мариерэ Виктор и тхылъ тедзапІэм теухуащ. Дяпэкіэ абы гъэзгу щытехьэ къыдэкІыгъуэхэр Урысей псор зэлъигъэІэсу лэжьэн щІэзыдза я интернет-тыкуэным къыщыпхъэщэхунущ, унэм къыпхуегъэхьэныщ. Тедзапіэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэм, тхылъ къыдэкІагъащІэхэм щыгъуазэ дещІ абы и «@izdatelskotlyarovi» инстаграм напэкІуэцІым.

ЕтІуанэ хъыбарыр зэпхар «Тхылъхэм я дуней» тыкуэнырщ.

Бадзэуэгъуэм и 17-м ХьэтІохэущокъым и хадэм щекІуэкІащ. Тхылъ бззэр. Иджы абы усакІуэ щІалэхэр кьрагъэблагъэу, абдеж бдзэм я усэхэм кьыщеджэу хабзэ дахэ кьыщаублащ. Япэу утыку кьраша Мэрзей Инал Тхылъ бззэрым щытраха видео-нэтыным @sredabook напэкІуэцІым ущеплъыфынущ.

«ЩІхьэусыгъуэ гуэрхэр кьыкъуэкІыурэ мазищ хьуауэ тхылъ бззэр тхузэхэщакъым, - гуапэу зыкъыщытхуигъэзат тыкуэныр зыгъэлажьэ КІуэкІуэ Мурат и инстаграмым щыІэ напэкІуэцІым бззэрым ипэ кьихуэу. - Ауэ иджы фи пащхьэ итлъхьэну тхылъхэр куэдкІэ итхъыкІуэ бзэр зэрыхьэсыныр, нэхъыбли мэхъу. Сабийхэм папщІэ, Кавказым, исльамым, хьэрыкІэтыщІэм, психологием ятеухуауэ тхылъыщІэхэр кьыфпоплъэ. Шэч закъуи кьытебмыхьэ еблагъэ гуапэрэ гухуабагъэр щыкуэдэ щыпІэ фыкъыззэрыщыхутэнум».

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Футбол

Еянэм щызэдолъэпэрапэ

Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм футболымкІэ я чемпионатым еблагъэу къыщыхэжаныкІа Иуан Азрэт гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщІыІыгъ. Абы топ зырызкІэ кьыкІэроху «Ангушт»-м щыджэгъуэу Алиев Бэчхъанрэ Дон Іус Ростов и «Нахичевань»-м и пашэ Багданов Романрэ.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІыщІ иужьу зэхэта джэгуГъуитІым кьарикІуэ бжьыгъэхэм: *бадзэуэгъуэм и 7-м* - **«Нахичевань»** (Дон Іус Ростов) - **«УОР-Дагестан»** (Каспийск) - **2:0**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«Волгарь-Ю»** (Астрахань) - **3:0** (топхэр дагъэкІащ Бажэ Амир, Урыс Аслъэн, Иуан Азрэт сымэ), **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Динамо-Дагестан»** (Мэхъэчкъалэ) - **5:1**, **«Динамо-М»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Уралан»** (Элиста) - **1:1**, **«Дербент»** (Дербент) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **1:1**; *бадзэуэгъуэм и 14-м* - **«Нахичевань»** - **«Энергетик»** - **2:1**, **«Уралан»** - **«Ангушт»** - **1:0**, **«Волгарь-Ю»** - **«Дербент»** - **1:2**, **«УОР-Дагестан»** - **«Динамо-Дагестан»** - **0:3**, **«Астрахань»** - **«Динамо-М»** - **0:3**.

Бадзэуэгъуэм и 22-м Нэзрэн къалэм щызэІущІэнущ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызэдзэзыгъэш щыпІэ «Ангушт»-мрэ Прохладнэ и Энергетик»-мрэ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэхэм футболымкІэ и чемпионатым и «Ищанэ дивизионым) зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Ангушт»	8	7	0	1	22-7	21
2. «Энергетик»	8	7	0	1	20-5	21
3. «Нахичевань»	9	5	2	2	19-12	17
4. «Дербент»	10	4	3	3	13-15	15
5. «Уралан»	9	4	2	3	14-9	14
6. «Динамо-Дагестан»	9	4	1	4	13-15	13
7. «УОР-Дагестан»	9	3	1	5	7-13	10
8. «Волгарь-М»	8	2	3	3	11-12	9
9. «Астрахань»	7	1	2	4	6-12	5
10. «Динамо-М»	8	0	4	4	9-16	4
11. «Волгарь-Ю»	9	1	0	8	9-27	3

Япэр ІуагъэкІуэтами, къапэплъэри къазэрыщхьэщыкІ щыІэкъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - 3:2 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 18-м. ЦІыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Иваненков (Ставрополь), Ешак (Сочэ), Сафаров (Сальск).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэхъуауэ, Шумахуэ З., Ольмезов, Сындыку, Дзхъу, Шумахуэ И., Багъэтыр (Ашуев, 67), ХьутІэ, Бахъсэнокъуэ, Ліуп.

«Динамо»: Хамхоев, Ибрагимов, Гитинов, Халимбеков, Красильниченкэ, Кагермазов, Юсупов, Агаларов, Гаджиев, Абдурагимов, Бигулаев.

Топхэр дагъэкІащ: Багъэтыр, 14 (1:0). Багъэтыр, 43 (2:0). Гитиновым, 67 (2:1). ХьутІэм, 75 (3:1). Халимбековым, 77-пенальтикІэ (3:2).

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэр темыпІэжу пэпльэрт «Спартак-Налшыкыр» утыку кьыщихьэжыным. Мазэрэ ныкъуэрэ ипэкІэ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Ящэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм я зэхьэзэхуэр зэриухрэ абы зэхъуэкІыныгъэ куэд кьыщыхуат: ди щІалэ лъэрызехьэ зыбжанэ, я капитанэр я пащІэу, хэкІыжат, тренер нэхъыщхьэуи Биджиев Хьэсэнбий яГъэувыжат. Арщхьэкіэ гупым и зэфІэкІыр нобэ здынэсымрэ зызыхуагъэсасхэмрэ ямыгъэбелджылауэ зэхьэзэхуэм хихьэн хуей хъуащ, зы зэныбжьэгъугъэ зэІущІи ирагъэкІуэкІыну хунэмысауэ.

Джэгум хэтхэм я унэщІэхэр дитхрым кьышдриІуэм стадионым къэкІуахэм икъуэкІ гуапэ ящыхъащ «Спартак-Налшыкым» уей-уей щыжриГъэІа лъхъэхэмэн хэта гъуащхьауэ Ліуп Ислъам кьызэригъэззжар. Абы пщІэ лей зэрыхуащІым и щыхьэтщ гупым и капитану щытыну занщІэу дзыхь зэрырагъэзар. КьищынэмыщІауэ, гъуащхьэхъумэ Шумахуэ Заур и къэуш Идар Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м кьыхащри, зэанэкьилъхухэр зэгъусэу хьужат.

ЗэІущІэм и япэ Іыхьэм кьыщыхэлыдыкІащ Багъэтыр Альберт. Джэгум и епщыкІуплІанэ дакъикъэм жьыжьэу щыту абы бжьыгъэ кьызэІуихащ. ИужькІэ, загъэпсэхуну икІыным куэд къэмынэжауэ, етІуанэ топри хьэщІэхэм яхудигъэкІри, ди щІалэхэм тегушхуэныгъэ ин яхилъхьащ.

ЕтІуанэ Іыхьэми «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэкІэ кьыщІдзащ. Арщхьэкіэ 67-нэ дакъикъэм хьэщІэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр зыІэщІагъэкІащ икІи бжьыгъэ 2:1-м хуагъэкІуащ.

Налшыкдэсхэм я жэуапым куэдрэ пагъэплъакъым. 75-нэ дакъикъэм Ольмезов Артур Іэзэу кьыхита топым ХьутІэ Анзор щыхьэкІэ пльэщу еуэри, хагъэрейхэм я Іуэхугъуэ игъэтэмэмыжащ. Абы мащІэу игъэбзІэрыгъа ди щІалэхэр аргуэрэу бэлыхь хэхуэ пэтащ - «Динамо»-м и ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зыр футбол хабзэм хахьынущ инвестицэ проектхэр гъэзэщІэнми зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынми. Апхуэдэ щыкІэкІэ дыхущІокъу мэкъумэшыщІэхэм защІэгъэкъуэну икІи ерыскъыкІэ кьэралым и шыналъэ зэпэщащэр кьызэгъэпэщыным сэбэп дыхуэхъунущ, - кьыджжІащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ кьудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Щыналъэ

Лэжьыгъэр щызэпыуркъым

Бэрбэч Хьэтютіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университым лэжьыгъэр зэпымыуу щекІуэкІыу зы щІэныгъэ лъэщапІэ гъэщІэгъэн иІэщ - щыІуэсыным и музейм геологие хуэІухуэщІэхэмкІэ и къудамэр. Къызэрыгъэгъэщрэ куэд мыщІами, абы и къэхутэныгъэхэм щІэупщІэ яІэщ, иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм пщІэ игъуэтащ.

КЪУДАМЭМ и унафэщІ Шамаринэ Иринэ зэрыжиІэмкІэ, щІыуэпсым и музейм и лэжьыгъэр кІыззэрыкІуэ гъэлъэгъуэгъэ къудейкъым зытеШІыхьар, абдеж къыщІыхалъхьэ сыт хуэдэ теплъэгъуэри щІэныгъэм и зы хэхьпІэщ, химиемрэ биологиемрэ ззэзыпх къхутэныгъэхэм я къэкІуапІэщ. «ЩІыуэпсым и музейм 2018 гъэм лэжьэн щІидзащ, - жеІэ Шамаринэ Иринэ, - «КъБКЪУ-м и Ботаникэ жыг хадэ» ефжапІэ-щІэныгъэ центрыр зи къежьапІэ, абы иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зи Іуэхум и Іыбжьэу щыт ди музейр щІэныгъэ-къэхутакІуэ, ефжэныгъэ методикэ, щІэнжабзэ-узэщІакІуэ Іуэхущапіэу къоГуэгуркІыІэ, и къалэн нэхъыщхьэри бгыІпхэм къыщІах мывэ лъэпкъ зэмылІэужьыІуэхэмрэ минералхэмрэ зэхуэхьэсыныр, хьумэныр, джыныр, гъэлъэгъуэныр.

Музейм и щхьэхуэныгъэхэм ящыщу абы и лэжьыгъэр ефжэныгъэм гуэх имыІэу пыщІауэ зэрыщытыр, химиемрэ биологиемкІэ къудамэхэм курс щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпащэ абыхэм кІыззащІаубыдэ Іуэхугъуэ куэдыр ди музей гъэтІылъыгъэхэр щапхъэу щагъэлъагъуэкІэрэ щызэпкърахыу. Абы и лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, ди университетым иІэ Іэмалым хуэдэ зыбгъэдалъ ефжапІэ куэд щыІэкъым. Ди щІыналъэм и щІыуэпсым и щхьэхуэныгъэхэм я тхыдэр джынымрэ къэхутэныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ геологие, геоморфологие, палеографие щІэныгъэхэр, жьэрыІуатэ къудей мыхъуу, нэрылъагъуу ефжакІуэхэм ябгъэдэтлъхьэну Іэмал хъарзынэхэр диІэщ. Абы къищынэмыщІауэ, щІыналъэм и пкъымрэ зэрызэхэлъымрэ къэзыхутэ географие щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр щыбджыфынущ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт ди музей гъэтІылъыгъэхэм бгыІпхэхэм къыщІах, жьымрэ псымрэ ящхъэа мывэ лъэпкъыгъуэхэр, щІым хьихьэу зи уней нэщэнэхэр зыхъуэжа мывэ зэмылІэужьыгъуэхэр, щІымафІэм къызыхидза мывэ зэхуэмыдэхэр къызэрыщыгъэлъэгъуар, зэрызэхэлъкІи къызэрыхъуакІи зэрызэхуэмыдэм гъэщІэгъэнагъ куэд къаззрылъыкъуэкІым къыхэкІыу щыпІэ жьыжьэхэм къикІыуРэ ахэр къызэрахутэр, зэрызэрагъащІэр.

Ди музейр КъБКъУ-м химиемрэ биологиемкІэ и институтхэм я щІэныгъэ лэжьыгъэм кууу зэрыхэпщІам и мызакъуэу, ефжакІуэхэми Іэмал ярет а мывэхэмрэ минералхэмрэ къэхутэныгъэхэр драгъэкІуэкІыну, методикэ и лъэныкъуэкІэ щІэгъэкъуэн яхуохъу, щІэныгъэ унэтІыныгъэ щхьэхуэхэм дедгъэхьэхыу ахэр кууу щрагъэдж центрхэм щапытщІэфри мащІэкъым. Апхуэдэу, музейм щІэк-щІэкыуРэ кІыятКІэлъэкІуэ ди щІыналъэм и географиер курыт ефжапІэхэм щезыгъэдж егъэджакІуэхэр, абыхэм я гъкІэгъэсэнхэм щхьэкІэ Іэщіагъэм хуэзыунэтІ Іуэхугъуэхэр къызыдогъэпэщ».

Музейм и лэжьыгъэм дихьэхауэ тепсэлъыхь Шамаринэ Иринэ хъыкигъэщащ дунейм зэрехьэрэ куэд мыщІа щІэныгъэхутэ тепІыдж, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Емуэ Людмилэ и цІэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсым теуХуа музейм и гъэтІылъыгъэхэм я курыхьр ззэзыгъэпэщар аращ. Музейм зиубгуэным, щІэныгъэ унэтІыныгъэ игъуэтыным щхьэусыгъуэфІ хуэхъуар абы Кавказышхуэр къызэхиКІуэрэ иригъэкІуэкІа геологие щІэныгъэ зекІуэхэм, практикэхэм кІриха хъугъуэфЫгъуэхэрщ. Емуэ Людмилэ КъБР-м и щІыналъэ географием хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр кьыхощ дэтхэнэ зы мывэ лІэужьыгъуэми минерал лъэпкъзыгъэми я фІэщыгъэр, къызэдикІар, и уней нэщэнэхэр, и хьэлъагъ-псынщІагъым, химие и лъэныкъуэкІэ зэрызэхэлъыр зыубзыху тхыгъэ зэрыхуищІыжкам. Музейм и лэжьыгъэр абы куэдкІэ игъэпсынщІащ.

Музей гъэтІылъыгъэхэм ноби зэпымычуу ХьахохьэУ. Мызыгъэгум ар нэгъуэщІ зы Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэн йолэжь - цилиндр тепльэ яІэу щы яубгуэм къыщІэкІ мывэ лъэпкъ быдзкэр, щІэныгъэр «керн»-кІэ зэджэр, къахутэ, лъэпкъыгъуэкъэр зэхагъэкІ. Зэ еплъыгъэкІэ къызэрыгуэкІ мывэ лІэужьыгъуэу кьэлъагъуэми, щІым и ныбжьри, къаткъутрэ зэтелъ щІыгуп лъим и зэхэлъыкІэри къэрипхутэну ар Іэмал гъуэзэджащ.

Музейм и лэжьыгъэр зэи зэпыуркъым, дыкъэзыыхъуреихь дунейм и ублапІэр теплъагъуэрэ пкъыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ егъэлъагъуэ, и щхэхуэр къетІэщІ.

ШУРДЫМ Динэ.

Анэдэлъхубзэр зыджхэм я дэІэпыкъуэгъуу

● Хъыбар гуапэ

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Шапсигъым и Агуей къуажэм щылажьэ студиохэм гупыж ящІри, смартфонхэм папщІэ ягъэхьэзыращ «Гухэль» («Gukhel») гуэдзэн щхьэпэр, анэдэлъхубзэм и дахагъэр ягъэІунымрэ ар хъумэнымрэ хуэгъэпсауэ.

АУДИО тхылъхэр щызэхухэсха гуэдзэнхэр гупыж зыщІ дэтхэнэми пщІэнщэу жьэл телефоным тригъэтхэну Іэмал иІэщ. Абы адыгэбзэм и диалект лІэужьыгъэхэмкІэ (къэбэрдей, бжьэдыгъу, кІэмыргуей, шапсыгъ), урысыбзэкІэ, ингджылызыбзэкІэ кьеджэу щызэхуахьэсащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ къэрал институтым и академическэ кьыдэкІыгъэхэм хьэхьэ нарт хъыбархэр («Сосрыкъуэ мафІэ кьызэрихьыжар», «Ашэмэз и бжьамийр», «Мэлэчыпхъу кьэхъуІаХэр»), таурыкъыхэр, псысэхэр, усэхэр, цІыхубз уэрэдыжьхэр, гущэкъу уэрэдхэр. Зэкіэ абы кьыщыбгъэтынущ лъэпкъ ІуэрыІуатэм и дыщэ пхъуантэм щыщ тхыгъэ 200-м щІигъу. КьызэгъэпэщакІуэхэм абы и бжьыгъэм кІуэ пэтми хагъэхуэну я мурадщ. Тхыгъэхэм кьеджэр республикэхэм я артист пажэхэрщ. Мы проектым адыгэхэр щыпсэу дэнэ щІыналъэми щІэупщІэшхуэ щиІэну, анэдэлъхубзэр макъамэ дахэу зэрыІум лъэпкъыр нэхъри зэкъуигъэзыуэну кьалъытэ.

- ЦІыхум я гум дыхьэн, балигъэхэми сабийхэми яхуэщхьэпэн лажьыгъэ бгъэхьэзырыныр куэд и уасэщ! Ильэс ныкъуэм кьриубыдэу мы проект гъэщІэгъэным елэжьахэм кьалэн зыщытщІыжауэ щытар бзэм худиІэ лъагъуныгъэр къэдгъэлъэгъуныщ, - жеІэ «Къэрэкъан» студием и унафэщІ **Къущхьэ Оксанэ**. - Лъэпкъым и блэкІам зыхагъэгъуэзэурэ щІэблэм анэдэлъхубзэр яджьыным мыхьэнэшхуэ иІэщ, бзэм кьыдэкІуэу тхыдэми гуГъытэ хуащІри.

- Ди адыгэбзэ дахэр, кьулейр хъумэным хэлъхьэныгъэ хуэсщІыным сэркІэ пщІэшхуэщ, икІи кьызэдалъхуэкъм я деж тхыгъэм и купщІэр гурыІуэгъуэу зэрыгъэсхьэсыным сыхущІокъу, - пещэ КЪБР-м щыхъэ зиІэ и артистхэ **КІэхумахуэ ФатІимэ**.

- Дэтхэнэ зы адыгэми, псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэкІэ псэльэн щІэзыдза-гъащІэ сабийхэм я дежкІэ, «Гухэль» проектым мы хьэнэшхуэ иІэщ. ЦІэблэм яхуэгъэза, жэуапльныгъэ зыпытІь лэжьыгъэ щхьэпэхэм схуэзофІэкІ хэслъхьэну сфІэфІщ, - жеІэ **Мысост Вадим**.

Іу зыльытатхъэ: Кущхьэ Оксанэ зэрыжиІэмкІэ, гуэдзэным хагъэхьэну пасэрей гущэкъу уэрэдхэр нобэ зыгъэзащІэр мащІэ дыдэщ. Абы кьыхэкІыу республикэм и кьуажэхэм, жьлэхэм гущэкъу уэрэдхэр жызыІэ нанэ-дадэхэр дэсмэ е апхуэдэ уэрэдхэр гукІэ зыщІэж щыІэмэ, я студием фрегъэблагъэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Урысейм и «Мэкъумэшбанк» акционер обществэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэ 2,3-кІэ щыхигъэхъащ процентитху нэхъыбэ илъэсым тримылъхьэу мэкъумэшыщІэхэм ярит щыхъуэм.

2022 ГЪЭМ и илъэс ныкъуэм «Мэкъумэшбанкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм ди щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм сом мелуан 383-м щІигъу яритащ, проценти 5 нэхърэ нэхъыбэ илъэсым трамылъхьэу. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ хуэдитІым щІегъу. Абы щыгъуэми сом мелуани 135,5-р хьэрычэтыщІэ мащІэр дэІыгъыным хухахащ. Мы илъэсым зэрыщІидзэрэ инвестицэ проектхэм сом мелуан 256-рэ хуауэ тІыпщащ.

«Программэм икІи иткІэ банкым Іуэхутхьэбзэ зыхуищІэхэм мылъку хухахынущ инвестицэ проектхэр гъэзэщІэнми зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынми. Апхуэдэ щыкІэкІэ дыхущІокъу мэкъумэшыщІэхэм защІэгъэкъуэну икІи ерыскъыкІэ кьэралым и шыналъэ зэпэщащэм хэлъхьэнэ щхьэхуэ ящІ», - кьыджжІащ «Мэкъумэшбанк» АО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ кьудамэм и унафэщІ Сокъур Алим.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкіэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къанщокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.777● Заказ №1588



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэ